# loolu dereetu sidit la, waaye bàyyil julli ci limu bis yi ngay gis mbaax, topp nga sangu te julli

Jële nañu ci Aysatu ndayu jullit ñi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne Faatimata bintu Abii Jahsin dafa laaj Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: Man damay gis dereet ju yàqu te du ma set, ndax damay bàyyi julli? Mu ne ko: “Déedéet , loolu dereetu sidit la, waaye bàyyil julli ci limu bis yi ngay gis mbaax, topp nga sangu te julli".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Faatimata bintu Jahsin laaj na Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: man daal dereet ji du deñ ci man day wéy ba ci jamono yidul jamonoy mbaax, ndax àtteb loolu mooy àtteg mbaax ngir ma bàyyi julli? Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: loolu dereet ju yàqu la, te mooy dereetu feebar, day ame ci dogug sédit si butiti njurukaay, waaye du dereetu mbaax, Waxtu wa nga daan gis mbaax bu ñëwee ci weer wa nga aadawoo lu njëkk ngay am feebaru dereet ju dul dog, nanga bàyyi julli ak yeneen yi ñuy tere ku gis mbaax ci jamonoy mbaax ga. Bu limub diir booba jeexee, kon laab nga ci mbaax ga, nanga raxas bérabu dereet ja, daal di raxas sa yaram ci sangu gu matale ngir yëkkati am toj, te nga julli.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3029

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee